

# TORA VASHANU

*Upenyu hwekunamatira nokubatsira vamwe*

Zano ririnyore yokusvikira vanhu vanotsvaga kuropafadzwa namwari muupenyu hwavo.

Iyi inzira nyore yokusvikira vanhu nevhangeri ra Jesu Kristu. Kune dzimwe nzvimbo vonoti iVhangeri romunamato (Prayer Evangelism). Iyi inzira yakareruka ingashandiswe nemaKristu ose kusvikira shamwari, mhuri nevavakidzani neVhangeri.

## **Chekutanga**

**Sarudza shamwari kana kuti hama vaunganamatira vangasvika vashanu.**

Namata ukumbire Mwari mazita ehama, shamwari, vavakidzani, vaunoshandana kana kudzidza navo vanotsvaka kuropafadzwa naMwari kana vasingamuzive Mwari, vova vashanu.

## **Nyora mazita avo**

1 \_\_\_\_\_ 2 \_\_\_\_\_  
3 \_\_\_\_\_ 4 \_\_\_\_\_  
5 \_\_\_\_\_

(Usava mutemo wokunyara mazita mashanu. Kana uchiwona kuti vashanu vawandindisa, ungatanga nevaviri kana vatatu; uye zvakangonaka kana ukanamatira vanopfuura vashanu. Kuti tanga nevashanu kungowonawo kwedu)

## **Chechipiri**

Nyengetera kwemaminitsi mashanu zvichienda kugumi kwemazuva mashanu pavhiki. Nyengeterera zvinhu izvi zvishanu:

- **Muviri;** utano, kuchengetedzwa nesimba
- **Basa;** mabasa, zvinowanikwa kubasa, nekuchengetedzwa kwemabasa
- **Manzwiwo;** mufaro, runyararo, tariro norudo
- **Magariro;** rudo, kuchengetedzwa kwemichato, kugarisana, mhuri, vavakidzani, shamwari
- **Zvomweya;** ruponeso, kutenda, kunzwira nokukura mumweya

**(Ungawedzera zvimwe zvokunyengeterera asi tanga nezvakanyorwa)**

Kana uchinyengeterera ruponeso, kumbira Mwari kuti nesimba nekushanda kwaMweya Mutsvene vanhu ava vatange kuzvibvunza mibvunzo iyi:

- Ndiyani wandingavimba naye?
- Chikonzero choupenyu hwangu chii?
- Ndichasunungurwa rini?
- Kana ndikafa ndichaenda kupi?
- Mwari ndinomuvengerei?
- Ndirikumutizirei?
- Matambudziko angu ndichaitei nawo?
- Ndekupi kwandichanzwa ndakachengeteka?
- Ndiyani achandirwira

### **Chechitatu**

**Swedera pedyo nevanhu vaurikunyengerera nekuvabatsira kana pane zvavanoshaiwa.**

Pane chaungaite chinopfuura kunyengetera here? Hongu chiripo! Ungatanga kuvanyengerera uye kumbira Mwari vakuratidze zvinobatika zvaungavabatsire nazvo. Mumwe angarwara, ungabatsira nokumubikira kudya, kana kuendesa vana kuchikoro, kana kuwacha mbatya dzake. Mumwe anogona kufirwa nemota, ungabatsire nekumuendesa kubasa nemota yako kana kumukwereta mota yako kuti asanoshandisa. Nguva zhinji vangava nezvinovanetsa vaudze kuti uchava nyengeterera. Vabvunze kuti vanobvuma here kuti uvanyengerere. Kumbira Mwari kuti avabatsire uye avaropafadze.

### **Chechina**

**Vaudze nezvaJesu uye nekunaka kwaMwari.**

Tsvaga mikana yokugoverana navo nezvaJesu. Usavabata nechisimba. Pose paunowana mukana, vaudze nezveminyengetero yakapindurwa naMwari wochukumbira kuvanyengerera. Paunovanyengerera, vabatsire pane zvinobatika zvavanoshaya. Ushamwari hwenyu huchikura, mimwe mikana ichavhurika yokuti ugoverane navo nezvaJesu.

### **Chechishanu**

**Shingaira kusvika gore rapera**

Kuita zvinhu zvishanu izvi mukunyengerera kwako zvinoita kuti urarame upenyu hunonzi hwekunyengerera nekubatsira vamwe (prayer-care-lifestyle). Iyi inzira irinyore uye isingatyise yokupupurira vamwe nezvaJesu, ingashandiswa nani nani zvake.

## **Nenhaka yei ndichifanira kuropafadza vavakidzani vangu?**

Mwari vakati kuna Abraham vacharopafadza Abraham, uye ndudzi dzose dzenyika dzicharopafadzwa kupfuurikidza naye (Gen 12 v3), Muna Numeri 6 v 24-27, Mwari vanodzidzisa Aaron kuropafadza vanhu; “Mwari akuropafadzei, akuchengetedzei. Akuvhenekerei neChiso chake , akuitirei nyasha. Ishe vasumudzire chiso chavo vakuchengetei, vakupei rugare. Naizvozvo vachaisa zita rangu pavana vaIsraeri ndichavaropafadza.” Muna Johane 1 v16 tinodzidziswa kuti nekuda kwa Jesu takawanirwa nyasha pamusoro penyasha. Muna Genesis 1 tinodzidza kiti pashure pakusika nyika, Mwari vakairopafadza. Mwari vanoda kuropafadza vanhu. Shoko rinoratidza kuti vanhu 98 kubva muzana (100) vanobvuma kunyengeterwa kuti mwari avaropafadze.

## **Unonamatwa sei munamoto wokuroopafadza?**

Unogona

- a) kutaura kuropafadza pamusoro pevanhu (eg Ndinokuropafadza muzita ra Jesu)
- b) Ungakumbira kuti Mwari avaropafadze (semufananidzo – Baba ndinokumbira muzita ra Jesu kuti muropafadze ningi.)

Varopafadze muzita ra Jesu kuti nyasha netsitsi dza Mwari zvive pamusoro pavo.

## **Mufananidzo womunamoto wokuroopafadza**

“Mwari akuropafadzei, akuchengetedzei. Chiso chake ngachivhenekere pamusoro penyu, avenenyasha kwamuri. Ishe vasumudzire chiso chavo vakuchengetei, vakupei rugare. Naizvozvo vachaisa zita rangu pavana vaIsraeri ndichavaropafadza.” Numeri 6 v 23-27

“Baba ndinodana zita renyu pamusoro panhingi, muropafadzei mumuchengete nhasi uno. Ishe jekesai chiso chenyu pamusoro pake muve neyasha naye. Baba pindurai minamoto yakhe mumupe rugare.”

## **Mamwe mavhesi angashandiswa mumunamoto wokuroopafadza**

- Ngaavongwe Mwari, baba vaishe wedu Jesu Kristu vanotiropafadza muna Kristu nekuropafadza kwose kwomweya kudenga. (Eph 1:3)
- Nyasha dzaIshe wedu Jesu Kristu, nerudo rwa Mwari, nokuyanana koMweya Mutsvene ngakuve nemi mose. (2 Vakorinte 13:14)
- Nyasha dzaIshe wedu Jesu Kristu ngadzive nemi. (1 Vakorinte 16:23)
- Mwari wangu achazadzisa kushaya kwenyu nokuwanda kweupfumi hwake muna Kristu Jesu

- Mwari worugare ngaakuitei muve vatsvene, muchengetedzwe mweya wenyu wose, nomuviri, kuti muve makakwana pakuuya kwaIshe wedu Jesu Kristu. Akatendeka iye akakudanayi; uye achazviita. (1 Thes 5:23-24)

### **Nemhaka yei nzira iyi ichishanda?**

- Havasivose vanechipo chokuvhangeri asi tose tinokwanisa kunyengetera. Izvi zvinosanganisira neavo vanoremerwa nekutaura nevamwe maererano nechitendero chavo.
- Iyi inzira isingavhundutsiri vanhu uye inovaka ushamwari nevanhu zvova nyore kuvapurira nezvaJesu.
- Vanhu vazhinji vakasununguka kuteerera zvaunovaudza kana vachiona kuti iwe unovada uye unovabatsira. Zvatinoita zvakakosha kudarika zvatinoitaura.

### **Chimiro chako kana uchinyengetera**

- Nyengetera nokutenda – Mwari vanopindura minamoto (Heb 4:16, 11:6)
- Ngengetera uchiziva kuti munaMwari zvose zvinogoneka (Marko 10:27)
- Nyengetera nekunzwira (Mateo 9:36)
- Ngengetera usinganeti (Ruka 18:1)
- Nyengetera memoyo wakachena (Zvirevo 28:9,13)

### **Kunyengetera nevamwe**

Unganyengetera wega, asi zviri nani uye zvinokurudzira ukawana vamwe vanoshndisa nzira iyi monyengetera pamwechete. Ungakurudzira mhuri yako monyengetera pamwechete kana boka rako rinosangana mudzimba (cell group). Ungatsvaga vaviri kana vatatu kubasa kana kuchikoro monyengetera pamwechete.

### **Mavhesi omunyengetero**

Hawano mamwe mavhesi awungashandise panguva yokunyengetera; Joh 3:16, Joh 6:63, Joh 6:44, Joh 5:21, Joh 16:8-11, 2 Cor 4:3-4, 2 Cor 10:3-6, 2 Pet 3:9, Matt 18:14, 1 Tim 2:3-4

Sununguka kupa vamwe chinyorwa ichi. Chinyorwa ichi hachina mutemo unorambidaza kuita izvi.

---

Jericho Walls International Prayer Network  
Private Bag X22, Lynnwood Ridge, 0040, South Africa  
Tel +27-12-365 3213, Fax +27-12-365 3214  
**Prayer Network** : [info@jwipn.com](mailto:info@jwipn.com) / [www.jwipn.com](http://www.jwipn.com)  
**24/7 Prayer** : [info@global24-7.org](mailto:info@global24-7.org) / [www.global24-7.org](http://www.global24-7.org)  
**TAKE FIVE - SHONA**

---